



Plon

Enfòmasyon pou paran yo

Updated 3/7/19

Ki sa plon an ye?

- Plon an se yon metal ki nan lanati. Ou ka jwenn li tout kote nan anviwònman nou an: nan tè a, nan dlo a e menm lakay ou.
- Plon an se yon pwazon lè l antre nan kò a e li ka rete nan kò a pou anpil tan.
- Plon an sitou danjere pou sante bebe ak timoun piti yo. Kò yo absòbe plon an pi fasil pase kò adilt yo.

Ki sa anpwazònman akoz plon an ye?

Anpwazònman akoz plon an se yon sitiayson kote plon akimile nan kò a. Sa konn fèt pandan plizyè mwa oswa plizyè ane.

Espozisyon anba plon ka:

- Domaje sèvo a, ren yo ak sistèm nève a
- Ralanti kwazans lan ak devlòpman an
- Fè timoun nan gen difikilte pou l aprann
- Domaje kapasite yon moun pou l tandé e pou l pale
- Lakòz pwoblèm nan konpòtman

Si w fè tès regilyèman e si w detekte pwoblèm sa a bonè, sa ka anpeche w sibi domaj alontèm akoz yon espozisyon anba plon.



Ki jan timoun yo vin sibi anpwazònman akoz plon?

Penti ki gen plon

Pou pifò timoun, se penti ki gen plon ki lakòz anpwazònman akoz plon.

Gen anpil kay ki te bati anvan 1978 ki gen penti ki gen plon, ni pa deyò, ni anndan.

Ka gen ti moso penti ak pousyè penti ki gen plon akoz bagay sa yo:

- Penti a la lontan e li kòmase ap dekale oswa li kòmanse ap fann
- Fenèt yo ouvri fèmen anpil fwa
- Yo fè reparasyon ak renovasyon nan kay la

Timoun yo gendwa vale oswa manje ti moso penti ak pousyè penti ki gen plon.

Objè ki nan kay la

Kèk jwèt, bijou, vesò oswa lèt bagay ki fèt an seramik ak remèd fèy ka gen plon ladan yo. Sa te konn rive plis nan tan lontan pase sa rive jodi a. Ale sou sit Entènèt Consumer Product Safety Commission nan adrès www.cpsc.gov.

Dlo

Plon an ka antre nan dlo:

- Lè tiyo yo vin wouye
- Si gen yon liy sèvis ki fèt ak plon



bphc.org/leadpoisoning



1010 Massachusetts Ave
Boston, MA 02118



617-534-5965



leadpoisoning@bphc.org

Ki jan m fè konnen si kay mwen gen plon ladan l?

- Mande yo enspekte kay la pou konnen si l gen penti ki gen plon. Rele Boston Public Health Commission nan 617-534-5965 pou l voye yon enspektè plon lakay ou.
- Chèche konnen si liy sèvis ki antre lakay ou fèt ak plon. Gade kat liy sèvis ki fèt ak plon Boston Water and Sewer Commission sou www.bwsc.org oswa rele nan 617-989-7888.



Ki kan m fè konnen si pitit mwen te espoze anba plon?

- Sèl fason pou konnen si pitit ou te espoze anba plon se fè yon analiz san yo rele tès *nivo plon nan san an*. Li mezire kantite plon ki nan san pitit ou a.
- Pa gen okenn kantite plon ki pa ka bay kò a pwoblèm.
- Lwa MA sou plon an egzije pou pitit ou teste chak ane jiskaske l rive nan laj 3 an, anvan l antre nan pre-K, anvan l antre nan gadri ak anvan l antre nan klas matènèl. *Nou rekòmande w fè tès la jiskaske pitit ou rive nan laj 6 an.*

Si nivo plon ki nan san pitit ou a ant 5 ak 9 ug/dL

- Nivo plon ki nan san pitit ou a ta dwe enkyete w.
- Pitit ou ta dwe fè yon lòt analiz san sou 2 mwa apre premye analiz la.
- Doktè pitit ou a gendwa preskri l vitamin ak yon rejim espesyal.
- Anvizaje mande Boston Public Health Commission pou l voye yon enspektè plon lakay ou.

Si nivo plon ki nan san pitit ou a rive nan 10 ug/dL oswa plis

- Pitit ou sibi anpwazònman akoz plon.
- Y ap gen pou fè yon enspeksyon plon lakay ou. Yon enspektè plon Boston Public Health Commission ak yon travayè sante kominotè pral kontakte w pou planifye enspeksyon an.
- Pitit ou ta dwe al kay doktè.
- Mande doktè pitit ou a si gen posiblite pou pitit ou gen kèk pwoblèm aprantisaj.

Ki sa m ka fè pou evite anpwazònman akoz plon?

- Mande doktè pitit ou a pou l fè yon tès nivo plon nan san an chak ane jiskaske pitit ou rive nan laj 6 an.
- Bay pitit ou manje ki pou bon sante li, tankou manje ki gen kalsyòm, vitamin C ak fè ladan yo.
- Retire soulye w anvan ou antre lakay ou.
- Lave men pitit ou souvan.
- Kenbe zong pitit ou kout.
- Mande yo enspekte kay la pou konnen si l gen penti ki gen plon.
- Egzije pou tout konpayi oswa moun k ap fè travay konstriksyon nan kay la gen yon sètifikasyon ki demontre y ap asire sekirite w an rapò ak plon an.
- Chèche konnen si fabrikan jwèt pitit ou yo pa mande pou yo retounen kèk nan jwèt sa yo.
- Chèche konnen si liy sèvis ki voye dlo lakay ou fèt ak plon.